

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif kalawan métode deskriptif, numutkeun Whitney (dina Nazir, 2011, kc. 54) métode déskriptif nyéta néangan bebeneran jeung interprétasina anu bener. Prosédur anu bisa dilakonan, tina métode déskriptif ngawengku 1) analisis, 2) interprétasi, jeung 3) évaluasi. Éta tilu tahap téh dilakonan kalawan sistematis, faktual, jeung akurat, luyu jeung puseur masalah anu geus ditetepkeun dina nyanghareupan objék utama panalungtikan. Sacara harfiah, métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan anu méré gambaran geunaan kaayaan atawa kajadian. Lain geunaan pénoména tapi nerangkeun hubungan, nguji hipotésis-hipotésis, nyieun prédiksi jeung meunangkeun ma'na katut implikasi dina hiji masalah anu hayang dibenerkeun. Métode déskripsi analisis éta bisa ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara nu satuluyna ditéangan babandingan strukturna. Saterusna hasil tina panalungtikan téh dipatalikeun jeung bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyéta hiji rarancang panalungtikan pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtikan. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah, néangan data, ngolah data, nepi ka jadi hasil panalungtikan. Upama digambarkeun ieu panalungtikan miboga desain saperti kieu.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta dokumén buku nu judulna “*Geber-Geber Hihid Aing*” karya Wahyu Wibisana jeung dokumén buku anu judulna “*Utara-Utari jeung dongéng-dongéng Sunda Lianna*” karya Ki Umbara. Puseur data nu utamana nyaéta dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* anu aya dina dokumén buku nu judulna “*Geber-Geber Hihid Aing*” jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* dina dokumen buku nu judulna “*Utara-Utari jeung dongéng-dongéng Sunda Lianna*”. Satuluyna éta dua dongéng téh bakal diguar ngeunaan struktur caritana, tuluy dibandingkeun sarta bisa jadi bahan ajar maca. Data séjén anu dipaké pikeun ngalengkepan ieu panalungtikan kawilang loba boh mangrupa buku sumber, artikel jurnal, boh panalungtikan saméméhna nu aya patalina jeung babandingan struktur katut bahan ajar.

Sedengkeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh subjék nu dipaké pikeun nyangking data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék timana data bisa kacangking. Sumber data ieu panalungtikan nya éta dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* nu disusun ku Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* nu di susun deui ku Ki Umbara.


3.2.1 Idéntitas Dongéng

1) Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing*

Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* ieu aya dina dokumén buku nu judulna “*Geber-Geber Hihid Aing*” kaca 33 nepi 44. Pangarang ieu dongéng téh nya éta Wahyu Wibisana. Panerbit ieu buku nya éta PT. Pustaka Sunda taun 2010.

Gambar 3.1

Jilid Buku *Geber-Geber Hihid Aing*



Sumber: Wibisana, (2010)

Delpia Sinta Rahayu, 2022

DONGÉNG GEBER-GEBER HIHID AING KARYA WAHYU WIBISANA JEUNG DONGÉNG BUDAK PAHATU LALIS KARYA KI UMBARA PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI KELAS VII SMP (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Dongéng *Budak Pahatu Lalis*

Dongéng *Budak Pahatu Lalis* ieu aya dina buku anu judulna “*Utara-Utari jeung dongéng-dongéng Sunda Lianna*” kaca 22 nepi 27. Pangarang ieu dongéng téh nya éta Ki Umbara. Panerbit ieu buku nya éta PT. Kiblat Buku Utama taun 2002.

Gambar 3.2

Jilid Buku *Utara-utari*



Sumber: Umbara, (2002)

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh studi dokumén. Studi dokumén digunakeun pikeun nganalisis dokumén-dokumén pikeun nyangking data. Studi dokumén ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh struktur carita dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* nu ngawengku opat unsur téma, galur, latar jeung palaku. Satuluyna maluruh ngeunaan babandingan dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* nu ngawengku opat unsur téma, galur, latar jeung palaku. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nya éta:

- a. Maca dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* Karya Ki Umbara.
- b. Maca buku sumber jeung jurnal anu aya patalina jeung babandingan sastra.

Delpia Sinta Rahayu, 2022

DONGÉNG GEBER-GEBER HIHID AING KARYA WAHYU WIBISANA JEUNG DONGÉNG BUDAK PAHATU LALIS KARYA KI UMBARA PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI KELAS VII SMP (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Nangtukeun sumber data, nyaéta struktur carita dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* Karya Ki Umbara, jeung
- d. Maluruh babandingan dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* Karya Ki Umbara.

3.3.1 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kacangking, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngangunakeun Téhnik analisis. Ieu Téhnik ngarojong kana panalungtikan sangkan bisa nganalisis dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis*, analisis babandingan struktural dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* jeung analisis pangajaran maca dongéng. Sangkan leuwih jéntré baris didadarkeun anu aya patalina jeung analisis data.

1) Téhnik Analisis Struktur Dongéng

Dina nganalisis data nu mimiti dianalisis nya éta nganalisis struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara. Dongéng-dongéng anu jadi bahan panalungtikan dianalisis strukturna nu ngawengku téma, latar, alur jeung palaku.

2) Téhnik Analisis Babandingan Struktur Dongéng

Sanggeus nyangking struktur carita dina unggal dongéngna léngkah analisis satuluyna nya éta struktur carita téh dibandingkeun dumasar kana bébédaan jeung sasaranana. Babandingan struktur unggal dongéng ngawengku téma, alur, latar, jeung palaku.

3) Téhnik Analisis Bahan Ajar Maca Dongéng

Satuluyna anu kudu dianalisis nya éta ngeunaan bahan ajar maca dongéng pikeun SMP kelas VII. Sabada maluruh struktur caritana, ngabandingkeun struktur caritana, tuluy hasilna dianalisis deui, saluyu jeung kritéria milih bahan pangajaran. Sabada dipaluruh yén hasilna saluyu éta hartina ieu dongéng-dongéng téh bisa jadi alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas

VII. Anu kudu ditengenetan sangkan luyu jeung tujuan nu rék dihontal nurutkeun S. Nasution (dina Haérudin, D jeung Kardana, 2013. kc. 77) nya éta:

- 1) tujuan nu hayang kahontal
- 2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa
- 3) dianggap miboga ajén minangka warisan entragan saacanna
- 4) aya gunana pikeun ngawas hiji paélmuan, jeung
- 5) luyu jeung kabutuh katut minat siswa.

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, satuluyna diolah dumasar léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan data anu geus kabéh kakumpul.
- 2) Nganalisis data, nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita (téma, latar, alur, jeung palaku) tuluy éta struktur téh dibandingkeun sasaranana jeung bébédaanna.
- 3) Nyalin kana kartu data struktural.
- 4) Nganalisis struktur carita, babandingan struktur dumasar kana kritéria milih bahan ajar.
- 5) Nyusun bahan ajar maca dongéng di kelas VII SMP.
- 6) Nyieun kacindekan dina hasil analisis data.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, sangkan leuwih taliti jeung leuwih babari diolahna, instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan pikeun nganalisis dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara nyaéta kartu data jeung tabél. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita anu aya dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara.

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nya éta kartu data. Di handap ieu aya gambaran kartu data anu digunakeun.

Delpia Sinta Rahayu, 2022

DONGÉNG GEBER-GEBER HIHID AING KARYA WAHYU WIBISANA JEUNG DONGÉNG BUDAK PAHATU LALIS KARYA KI UMBARA PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI KELAS VII SMP (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) **Kartu Data**

Gambar 3.3
Contoh Kartu Data

Kode Data: BGGHA/GGHA/A/LT/33
<i>Tatangkalan narémbongan nepi ka bréh baé kaayaan di leuweung gerotan. Lebah dieu luhur teu langitan dirungkup angkeub dangdaunan di leuweung gerotan.</i>

Keterangan:

BGGHA : Buku *Geber-Geber Hihid Aing*

GGHA : Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing*

A : Struktur Carita

LT : Latar Tempat

33 : Kaca 33

Dumasar kana kartu data, disusun data saperti ieu di handap.

No.	Kode Data	Data
1.	BGGHA/GGHA/A/LT/33	<i>Tatangkalan narémbongan nepi ka bréh baé kaayaan di leuweung gerotan. Lebah dieu luhur teu langitan dirungkup angkeub dangdaunan di leuweung gerotan.</i>